

Pa Prezidan  
Thomas S. Monson



# ”Li resisite”

## TEMWAYAJ YON PWOFÈT

**P**rezidan Thomas S. Monson te deklare “Apèl kleron Kreyente a sèke Jezi, nonm Nazarèt la, te leve soti pami mò yo. “Reyalite rezirèksyon an pote pou chak moun ak tout moun lapè ki depase konpreyansyon” gade Filipyen 4:7).<sup>1</sup>

Nan ekstrè nou pral wè la a yo, Prezidan Monson pataje temwayaj li ak gratitud li pou Rezirèksyon Sovè a epi li deklare ke, poutèt Pitit Gason an te ranpòte laviktwa sou lanmò, tout pitit Papa a ki vini sou tè a ap viv ankò.

### Lavi Apre Mòtalite

“Mwen kwè ke okenn nan nou menm pa ka konsewva tout pòte sa Kris la te fè pou nou nan Jetsemane a, men mwen rekonesan chak jou nan lavi mwen pou sakrifis ekspyatwa Li te fè pou nou an.

“Nan dènye moman an, Li te ka fè bak. Men Li pa t fè sa. Li te pase anba tout bagay pou L te kapab sove tout bagay. Lè L te fè sa, Li te ba nou lavi ki ale pi lwen pase egzistans mòtèl la. Li te rachte nou anba Chit Adan an.

“Nan fon kè mwen, mwen rekonesan anvè Li. Li te anseye nou kijan pou nou viv. Li te anseye nou kijan pou nou mouri. Li te asire sali nou.”<sup>2</sup>

### Chase Tenèb Lanmò

“Nan kèk sitiasyon, tankou nan gwo soufrans ak maladi, lanmò vini kòm yon anj mizèrikòd. Men, anjeneral, nou wè li kòm enmi bonè lòm.

“Limyè verite revele a kapab efase tenèb lanmò pou tout tan. Mèt la te di: ‘Mwen se rezirèksyon an, ak lavi a. Moun ki kwè nan mwen ap gen pou l viv menm si l te mouri. Epi kèlkelanswa moun ki ap viv epi ki kwè nan mwen, li pap janm mouri.’

“Asirans sa a—wi, konfimasyon sakre sa a—konsènan lavi apre tonbo a ta kapab byen pote lapè Sovè a te pwomèt la lè Li te di disip Li yo: ‘M ap ba nou kè poze. M ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen pap fè li jan sa fèt dapre prensip ki nan mond lan. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè.’”<sup>3</sup>

### Li pa isit la

“Sovè nou an te viv ankò. Evenman pi gloriye, pi rekonfòtan, ak pi rasiran nan tout istwa limanite a te rive—viktwa sou lanmò. Doulè ak agoni Jetsemani an ak Kalvè a te efase. Sali limanite te asire. Chit Adan an te rachte.

“Tonbo vid la jou maten Pak sa a, se te repons ke- syon Jòb la: ‘Si yon moun mouri, èske l ap viv ankò?’ Pou tout moun ki ap tandè vwa m la a, m ap deklare: Si yon moun mouri, l ap reviv ankò. Nou konnen sa paske nou gen limyè verite revele a. . . .

“Frè ak sè byeneme m yo, nan moman pi gwo chagren nou, nou kapab resewva lapè pwofon ki soti nan pawòl zanj lan nan premye maten Pak sa a: ‘Li pa isit la; li resisite’”<sup>4</sup>

## Tout Moun Ap Viv Ankò

“Nou ri, nou kriye, nou travay, nou jwe, nou renmen, nou viv. Epi apres, nou mouri. . . .

“Epi nou t ap rete tou mouri si se pa t Mesye sa a, ki se Jezi Nazarèt la, ak misyon L Lan. . . .

“Avèk tout kè mwen ak tout fèvè nanm mwen, mwen leve vwa m pou m temwaye, antanke yon temwen espesyal e mwen deklare ke Bondye vivan, Jezi se Pitit Gason Li, Sèl Pitit Gason Literal Papa a nan lachè. Li se Redanmtè nou; Li se Medyatè nou bò kot Papa a. Li te mouri sou kwa a pou ekspye peche nou yo. Li te vin tounen premye moun ki te resisite. Poutèt Li te mouri, nou tout ap viv ankò.”<sup>5</sup>

## Yon Temwayaj Pèsonèl

“Mwen rann temwayaj pèsonèl mwen ke lanmò te simonte, viktwasou tonbo a te reyalize. Se pou pawòl sa yo, ke Li rann sakre a, Li menm ki te akonpli yo a, vin tounen yon konesans reyèl pou tout moun. Sonje yo. Cheri yo. Onore yo. Li resisite.”<sup>6</sup>

### NÒT

1. “He Is Risen,” *Liahona*, Avr. 2003, 7.
2. “At Parting,” *Liahona*, Me 2011, 114.
3. “Now Is the Time,” *Liahona*, Jan. 2002, 68; gade Jan 11:25–26; 14:27.
4. “He Is Risen,” *Liahona*, Me 2010, 89, 90; gade tou Job 14:14; Matye 28:6.
5. “I Know That My Redeemer Lives!” *Liahona*, Me 2007, 24, 25.
6. *Liahona*, Avr. 2003, 7.

---

## ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

Après ou fin pataje sitasyon ki nan mesaj Prezidan Monson nan, note temwayaj li rann sou vrè siyifikasyon Pak la. Ou ta gen dwa poze manm fanmi w ap vizite a kesyon sa yo: “Kisa sa vle di pou ou ke yon pwofèt vivan temwaye sou verite sa yo jodi a? Kijan ou ka aplike yo nan lavi w?” Panse pou ajoute temwayaj pa w.

## JÈN YO

## Mwen Ap Wè L Ankò

Pa Morgan Webecke

**P**apa m te fè nou chak timoun yo santi nou espesyal. Li te renmen nou e li te konn padone nou fasil. Li te fè tout sa l te kapab pou l te ka si ke nou chak te kontan, epi li te fè nou konnen ke l te vle sa ki te pi bon pou nou. Mwen te renmen l anpil.

Lè m te nan sizyèm ane fondamantal, papa m te mouri nan yon aksidan machin. Fanmi m avèk mwen te dekonstobre nè. Te gen yon gwo vid nan fanmi nou. Papa m se te moun ke m te konte sou li, se kote l mwen te toujou ale lè m te gen pwoblèm. Olye m te chèche èd, mwen te kite kòlè a ak blesi a rete. Finalman, mwen te deside ke se te fòt Bondye. Mwen te sispann li ekriti yo ak priye. Mwen te ale legliz sèlman paske manman m te vle m ale. Mwen te eseye rete lwen Papa m ki nan Syèl la.

Après sa, mwen te ale nan kan Jènfi yo pou lapremyè fwa. Mwen te renmen rankontre nouvo zanmi, men m te toujou pa t li ekriti yo. Nan dènye jou swa a, nou te gen yon reyinyon temwayaj. Mwen te santi yon bagay ke m pa t santi depi yon bon bout tan: Lespri a. Mwen te admire jènfi ki te kanpe pou rann temwayaj yo, men mwen te rete chita paske m te panse ke m pa t gen yon temwayaj. Toudenkou, mwen te santi m dwe leve. Mwen te louvri bouch mwen, ap mande kisa pou m di. Konsa mwen te di ke m te kontan dèske m te ale nan kan Jènfi yo. Epi mwen te twouve m ap di ke m te konnen Jezikri te mouri pou mwen, ke Papa m ki nan syèl la renmen mwen epi Legliz la vrè.

Mwen te ranpli avèk yon lapè remakab. Gras a eksperyans sa a mwen ka di ke m konnen m ap wè papa m ankò akozde Ekspyasyon ak Rezirèksyon Sovè a.



# Renmen, Veye, ak Fòtifye

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede w fòtifye sè w yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa w.*

Lafwa, Fanmi, Sekou

**M**enm jan avèk Sovè a, enstriktris nan fwaye yo pran swen sè yo youn pa youn (gade 3 Nefi 11:15). Nou konnen nou gen siksè nan travay nou kòm enstriktris nan fwaye lè sè nou yo kapab di: (1) enstriktris nan fwaye m yo ede m pwogrese espiritiyèlman; (2) Mwen konnen enstriktris nan fwaye m yo sousye yo anpil pou mwen ak fanmi m; epi (3) si m gen pwoblèm, mwen konnen enstriktris nan fwaye m yo ap fè lenesesè san yo pa tann moun mande yo fè sa.<sup>1</sup>

Kijan nou menm, antanke enstriktris nan fwaye, nou kapab renmen, veye, ak fòtifye yon sè? Men nèf sigjesyon nou jwenn nan chapit 7 liv *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* pou ede enstriktris nan fwaye yo pran swen sè yo:

- Priye chak jou pou limenm ak fanmi li.
- Chèche enspirasyon pou konnen limenm ak fanmi li.
- Vizite l regilyèman pou ka konnen kijan l ye epi rekonfòte l ak fòtifye l.
- Rete an kontak avèk li souvan atravè vizit, kout fil, lèt, imel, mesaj tèks, ak jès jantiyès senp.
- Akeyi li nan reyinyon Legliz la.

- Ede li lè l gen yon ijans, maladi, oswa lòt bezwen ijans.
- Anseye li levanjil la apati ekriti yo ak Mesaj Vizit nan fwaye yo.
- Enspire li nan tabli yon bon egzanz pou li.
- Bay yon dirijant Sosyete Sekou rapò sou sèvis yo ak byennèt espiritiyèl ak tanporèl sè a.

## Apati Istwa Nou

“Vizit nan fwaye vin tounen yon enstriman pou fi Sen Dènnye Jou toutpatou nan mond lan pou yo renmen, nourri, ak sèvi —pou yo ‘aji selon santiman Bondye plante andedan [nou] yo,’ jan Joseph Smith te anseye a.”<sup>2</sup>

Yon sè ki te fèk vin vèw te pale konsa de enstriktris nan fwaye li: “Yo te koute. Yo te konsole mwen. Yo te kriye avèk mwen. Epi yo te ban m akolad. . . [Yo] te ede m soti nan dezespwa ak depresyon pwofon premye mwa solitud sa yo.”<sup>3</sup>

Ede nan tach tanporèl yo se yon fòm pran swen tou. Nan konferans jeneral Oktòb 1986 la, Prezidan Brigham Young te anonse ke pyonye ki tap rale charyo yo te bloke nan gwo nèj sou yon distans 270–370 mil (435–595 km). Li te mande Sen Dènnye Jou nan Salt Lake City yo pou yo te al pote yo sekou epi

“okipe yo avèk anpil atansyon de bagay ke nou rele tanporèl yo.”<sup>4</sup>

Lucy Meserve Smith te ekri ke fi yo te retire jipon ak ba cho yo la menm nan tabènak la epi yo te mete yo nan charyo pou yo te voye bay pyonye ki te anba gwo fredri yo. Apre sa, yo te rasanble dra ak rad pou moun ki t ap finalman rive prèske san anyen yo. Lè konpayi charyo yo te rive, te gen yon bilding nan vil la ki te “ranpli avèk pwovizyon pou yo.”<sup>5</sup>

## NÒT

1. Gade Julie B. Beck, “What I Hope My Granddaughters (and Grandsons) Will Understand about Relief Society,” *Liahona*, Nov. 2011, 113.
2. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 112.
3. *Daughters in My Kingdom*, 119–20.
4. Brigham Young, “Remarks,” *Deseret News*, Okt. 15, 1856, 252.
5. Gade *Daughters in My Kingdom*, 36–37.

## Apati Ekriti yo

Lik 10:38–39; 3 Nefi 11:23–26; 27:21

### Kisa m Ka Fè?

1. Kijan m ka konnen sa sè m yo bezwen?
2. Kijan sè m yo ap fè konnen ke m sousye m anpil pou yo?

Pou plis infòmasyon, ale nan [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).